

REGIPIOEN LENGGANAN
 SWARA - TAMA :

1 taon	f 6,—	} njoewoen ka- bajar roemijin.
1/2 "	f 3,—	
3 woelan	f 1,50	

Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja	f 36,—
1/2 "	f 18,65.
1/4 "	9,75.
1/8 "	f 5,25.

Saladjengipoen: saben 1 cm² f 0,03;
 sekedik - kedikipoen: f 1,50.

Kabar premili alit-alitan: f 1,—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
 san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
 roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS - COLLEGE
 DJOKJAKARTA
 Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Diokja

PAMEDAL SITI ANGREM.

Djawaban:
 II.
 (Saking M, Andaja ing W.)

Telas panjerat koela wangsoelan ingkang kapisan, seratanipoen sadèrèk S.S.D.H. ingkang angka kalih medal, mila ladjeng koela soesoeli malih kados ngandap poenika:

Journalist bermata seriboe? Barangkalit!

Sampoen malih prakawis alit, babagan ingkang ageng-ageng pisan Andaja sedija paseksenipoen.

Oengel-oengelan ingkang soeraosipoen kados nginggil poenika koela njata sampoen naté matoer.

Atoer koela ingkang makaten waoe boten teka namoeng senggaramatjan oetawi oemoek-oemoekan, nanging sedaja alandesan kanjataan.

Sambat kalijan watjananipoen soemitra koela S.S.D.H. ingkang kaping kalihipoen, keparenga koela damel pèngget-pèngget sawatawis, sanadjan boten tjes-pleng, nanging nlookmanawi sage doeroen pepadang sawatawis:

a) Manawi koela badé andjotos poen Ali, koela boten soesah takèn: gamanmoe apa lan peng-penganmoe apa; awit poen Ali temtoe boten badé blaka; oetawi: poeroena mangsoeli, inggih mlèntjèngaken! Makaten oegi jèn mengsang dagang kalijan salah satoenggiling golongan, jèn kita takèn „daganganmoe kok boewang menjang ngendi,“ temtoe dipoenwangsoeli sasekétjanipoen! Makaten poenika sampoen lajakipoen! Kita boten perloe saking ing manah, awit kita ingkang taksih „kaja botjah tjilik!“

b) Makaten oegi jèn kita badé andoepak poen Naja, koela boten adjar konto roemijin dateng pijambakipoen oetawi *ngeblad* oelahipoen! Kita dedah pados réka sanès, sageda nggrajang dadanipoen! Kénging ndjagi dateng Naja, nanging boten kénging magoeroe dateng pijambakipoen, tenèh bebasan: timoan moengsoeh doerèn, oetawi satemboeng kémawon: *pepèkal* alijas ngloropaken badanipoen pijambak.

Mila *lepat* jèn kita nrètèk-nrètèk dateng lelawanan kita! Pratanda kita taksih tjobolo, tjoept ing nalar, sepi ing réka, kirang ing goena pratjeka.

c) Koela, Andaja, dédé soedagar namoeng *tijang limrah*, makarja, dédé *djoernalis*, ingkang remen ngarang babagan dagangan lan panggaotan. Mila, oepami koela boten saged soeka toelada, poenika sampoen samestiniipoen. Sagedipoen namoeng semboer, madosaken réka, oeroen rembag.

d) Bab import lan export kados ingkang kakarsakaken sadèrèk S.S.D.H., sampoen koela tjoeuwik sawatawis ing djawaban koela ingkang kapisan, lan saladjengipoen jèn saged badé tansah koela gepok wonten ing karangan koela ing Sw. Tm. ngriki (samanten poenika menawi adjeg tampi kamirahan papan saking Ingkang Djagil) Éwadéné sanadjan makaten perloe koela émoetaken oegi bilih bab import lan export poenika tansah karembag ing sadajaning serat kabar padintenan ingkang ageng-ageng (Het Nieuws, Soerabajasch Handelsblad, De Locomotief, Het Bataviaasch Nieuwsblad, De Java Bode lss.) lan poestaka-warti ingkang mligi ngrembag bab padagangan, tetanèn lan panggaotan.

e) Ing karanganipoen sadèrèk S.S.D.H. ingkang kaping kalih njata damel ngeresing manah: barang-barang saking redi boebroek, paman tani kapisan. Lah, ingrikoe tjeta: gandèngipoen banda lan réka. Paman tani kadoenoengan banda, sepi réka, andjalari barang dados tanpa adji: katitipaken ing wandé tanpa mawi kapendèt malih.

Mila ngères koela maos andaranipoen sadèrèk S.S.D.H. ingkang tjeta wéla-wéla waoe, nanging inggih toentoeng bingah. Awit: jèn sampoen kepentog makaten, temtoe badé

kelampahan kados nagari Walandi, kantja tani ngempal, njadé barangipoen *sesarengan*. Lah, jèn saged doemoegi ngrikoe: bla!, tjang mantja telas papanipoen!

f) Poenapa idam-idaman ing e waoe gampil ketjepengipoen? Kilap, namoeng koela kèngetan bilih tjang Walandi kala ngrebat kamardikan, dipoenréntjangi perang 80 taon laminipoen. Lan saben tjang perang temtoe wonten ingkang dados koerban: kawon menang temtoe kètjalan tjang, temtoe!

Nah, kita sapoenika perang reboet gesang! Temtoe wonten ingkang dados koerban! Sadèrèk Grabag oepaminipoen! Mikoel ngijeg-hijeg dipoenétjèl!

Lah, jèn kita *soemerep*, sadèrèk kita wonten lan *katah* ingkang kelindih perangiipoen, satoenggal kalih *temtoe* wonten ingkang badé koerdal! Tjontonipoen? Mijnheer Loerah ing Grabag!

Jèn koerdanipoen angsal margi . . . mblaèni. Lah, inggih *marginipoen* poenika jèn saged Andaja „toemoet“ njedijani; awit koela sampoen matoer: koerda pijambak *boten saged*, sagedipoen namoeng dados palang ngatjoeng ing margi mawi seratan: GILÓ DALANE MENJANG KAMENANGAN!

Kamenangan bab poenapa? Bab panggesangan. Dados koela dédé sofaat toekang koerda, nanging namoeng: plang.

g) Poenapa pitedah koela saged nglegakaken sami sanalika? Temtoe boten, awit namoeng tjang satoenggal, *toer* pasinaonipoen roemijin dédé bab dagang, tetanèn oetawi panggaotan.

Éwadéné boten badé moendoer, Andaja sagah ngladosi sadèrèk S.S.D.H. samaremipoen lan manah panggesanganipoen sadèrèk Grabag sakekoebanipoen.

Namoeng sadaja waoe: sabar, selot-selotipoen kanti loemampah; bebasan ngdoek soemoer rak boten rampoeng sadinten ta? Dèrèng damel sénggot lan windoenipoen!

h) Kedjawi poenika réhné sadèrèk P.S. Atmosoedarma tilas Coöperatie-ambtenaar toer karanganipoen wonten taman Swaratama ngriki boten kirang nrawang lan tjetanipoen, mila saking pengadjeng-adjeng koela, atas sadèrèk S.S.D.H., mas (radèn) Loerah Grabag dalah kantja tani sakiwa-tengenipoen ngrikoe: moegi-moegi sang kaloka saeodara P.S.A. keparenga manggali soeraosing karanganipoen soemitra koela S.S.D.H. waoe, moempoeng . . . saweg kepek rémbagipoen.

i) Poenapa déné malih para prijantoen landbouwconsulent, ingkang temtoe sami damang bab poenika, inggih sami kaparenga manggali *geval* ing Grabag waoe; roemaos koela: toeloeng dateng Grabag bab poenika, soeka margi, soeka rembag, *boten kawon perloe*, *boten kawon ageng* jèn katimbang kalijan prakawis Merapi lan Likasan!

Awit prakawis Grabag poenika jèn saged ketoeloengan, boten sandé ngoregaken djagad panggaotan sa-Indonesia. Ing rikoe doenoenging landesanipoen Indonesia Merdéka. Kantja tani kedah *kijat* roemijin!

Kantja tani ketoeloengan, ateges aksi politik gadah landesan langkoeng djedjeg! Ngrebat kamardikan boten tjekep ngandoet pélor lan sangoe koewanèn lan nalar bening (inggih sinaoenipoen) nanging: inggih kedah wetah katokipoen lan isi padaranipoen!!

Koela, Andaja, boten sapinten krekatiipoen, djer bab panggaotan lan padagangan ngertosipoen boten margi ngetjakaken dijambak, sareng para tilas siswa-Pamoelangan Tani ing Bogor sami faham agal-aloesipoen! Boten namoeng margi dajaning maos lan ngatik-atik.

ISIN IPOEN.

Pamedal siti angrem—Jatra saketip kanggé gesang sadinten—Kidoeng pamisoeh—Djagad Wanita—P.C.K.—Goentingan pers—Saking pakempalan—Pangandikanipoen K. S. Bapa Leo XIII—Ontjen sekar gambar melati—Djagad moeda—Oerap-sari—Correspondentie.

Ingang poenika sadèrèk S.S.D.H. keparenga nrimah tampi djawaban saking koela samanten roemijin (kémawon), atoer wangsoelan koela *saladjengipoen* tansah badé *koela tjampaer* ing karangan-karangan koela (bab padagangan lan panggaotan) ing Swaratama ngriki.

Ingang perloe sageda koela énggal ngrembag bab makelaar lan namaning poestaka-poestaka warti ingkang sambet kalijan katresnanipoen sadèrèk S.S.D.H.—Bab „beurs“ kados boten perloe katoet kagepok, margi kados dèrèng perloe sanget.

Dados wangsoelan koela toemrap karanganipoen sadèrèk S.S.D.H. kalih-kalihipoen ingkang sampoen sami kamot ing Sw. Tm. ngriki, doemoegi samanten.

TAMAT.
 Wewahan: satelasing panjerat koela wangsoelan ing nginggil, kabar pada-

ngangan ingkang medal djam 5 waoe (koela njerat djam 8) ingkang perloe kapetik.

a) Ing Soerabaja wonten 6000 tong kebak isi anggoer, appel lss. dateng saking Australia; ingkang ndatengaken wowohan waoe njadé dateng Australia saking Indonesia: pisang; dados pisang kalintokaken anggoer appel lss.

b) Bab reregeng sata sa-pak éman déné koela boten ngertos sa-pak bobot pinten) wonten Amsterdam regi: 77 1/2, 142, 187, 242 doemoegi 278 sèn.

Wonten Amerika sa-pak ngantos regi 390 sèn.

c) Bab panili sepen, boten wonten kabar. d) Landbouw Maatschappij „Oost-Java“ ngdoeng dividènd: 20 percent.

e) Koran ingkang medal kala wingi ngemot angka uitvoer ing dalem woelan Maart kapengker:

kopi 1.015 ton (1 ton = 1000 Kilo Gram); sata tanah Kedjawan 3.042 ton; Java—tabak 669 ton.

krosok 9.890 ton; gaplèk 5.164 ton;

kapoek 1.619 ton; sadaja angka poenika namoeng export woelan Maart 1931 toemrap tanah Djawi lan Madoera tok; (And.)

NGLEBETI NORMAALSCHOOL.

Ngatoeri pirsu bilih: „Toelatingsexamen“ kanggé Normaalschool èstri ing Ambarawa béndjing tanggal 28 lan 29 Mèi 1931. Sinten ingkang badé nglebeti, kénging njipeng wonten ing Zusteran.

Meisjes - Normalschool.
ZUSTERS FRANCISCANESSEN.

PRADJA RAHAJOE.

JATRA SAKETIP KANGGÉ GESANG SADINTEN!

Gesangipoen brajat „Inlander“.

Sadèrèk kita Prendjak Mataram ngabaraken saking „Het Nieuws“ wonten Sw. Tm. no. 16 tanggal 17 April '31, manawi het Nieuws netepaken „brajat Inlander bisa oerip nganggo doewit saketip sadina.“ Poenika rak satoenggiling verslag saking Bureau statistiek no. 46 taon 1913—1926, kapendèt saking „Mededeeling v/h centraal kantoor v/d statistiek.“ Lairipoen poenika namoeng teorite kémawon, déné praktikipoen tamtoe kanggé sa-poenika boten tjoetjog.

„Het Nieuws“ mendet patokan gesang brajat Inlander poenika, toemrap tjang-tjang ingkang dipoenboei (koendjara) oetawi ingkang gesang sesarengan wonten ondernemingen. Poenapa ingkang gesang sarana bawa pijambak, (zelfstandig huisgezin) poenika bédanipoen boten tikèl-tekoek kalijan ingkang namoeng mondok neda sarta tilem saperloenipoen, (in de kost) poenapa malih toemrap bangsa prijantoen (Landsdienaren) oetawi prijantoen-prijantoen ing Kedjawan saking darah dalem Kraton Solo saha Ngajogja. „Het Nieuws“ kedah saged soeka katerangan ingkang tjeta dateng publik oetawi ingkang wadjib saha wenang mranata prakawis poenika. Sampoen soeka katerangan ingkang ngajawara, mandar ndamel gela ingkang soemoerep, satengah inggih ngeloes dada, sarwi njeboet „mesakaken brajat Inlander!“

Arta saketip toemrap ing kita ageng kados Soerabaja, Semarang saha Batawi, kanggé ongkos dogkar boten tjekep, kanggé toembas rokok mawi korep sampoen trep-trepan, lah kok digawé mangan sadina

*) Boten H.N. ingkang netepaken makaten. Red.

moepoet, apa kirané koewa!! „Lo, jèn ora koewat saketip sadina, ndjalok toeloeng „t Nieuws“, terangna sababé!“

Ing ngriki koela badé ndjalèntrèhaken sakedik bab gesangipoen brajat kita Inlander (inheemsche) ingkang namoeng prasadja.

Temboeng brajat (gezin) sakedik-sakedikipoen rak tjang kalih, saged doemoegi sadasa langkoeng manawi sampoen kaparingan anak saha réntjeng sasaminipoen, dèrèng manawi wonten familie saking djaler oetawi èstri ingkang taksih alit sapanoenggilanipoen.

Toemrap brajat poenika ingkang katah manggèn ing doesoen oetawi paredèn; dados papan mirah, kénging dipoenwastani namoeng betah pawon; oelam ingkang kedah toembas: oelam, lisah patra, eses sapirantosipoen. Djalaran poenapa? Tijang tani sadaja ingkang klebet wonten, sampoen soemadija, éwasamanten sawoelan boten tjekep f15.— dados sadinten f0.50 (sèket cent) padjeg sabin lan pakawisan dèrèng kaétang malih, oeroen-oeroen doesoan sanèsipoen pinten, koela kinten t Nieuws dèrèng mangertos gesang brajat Inlander saèstoe. Méndah déné bilih sadaja sami toembas. Para maos saged naksir pijambak pinten telasipoen saben woelan oetawi saben dinten. Titikanipoen, manawi tanemanipoen kapaoedjog boten medal, sapinten rekaosipoen pados samboetan dateng gadèn, (pandhuis). Inggih manawi wonten sandangan ingkang pantes dipoen-gantosaken, jèn boten? Makaten poenika asring boten naté kasoemerepan déning paréntah nagari, sabab poen Loerah doesoan asring adrijih lapoer dateng ingkang masti paring pitoeloengan dateng tjang-tjang ingkang kamlaratan.

La, bok „het Nieuws“ matjak kasoehanipoen tjang-tjang doesoen ingkang nalangsa sandang tedanipoen!

GOENTINGAN PERS.

De Paus en de Europ. Vrede.

Soeloeh Rakjat Indonesia, orgaanipoen P. B. I. (soewaoe nama studieuclub) ing Soerabaja, ingkang medal tanggal 22 April ngewrat karangan saking *Linea Recta* asis rah „De Paus en de Europeesche Vrede“—„Kg. S. Bapa karo katentrem Europa“.—Wedaling karangan poenika gandèng kalijan wedaring sabda dalem bab katentremaning boewana; katarijosan béndjing manawi kalampahan wonten perang malih, Ngarsa dalem badé njoenjoewoen soepados tanah-tanah ingkang perang poenika pikantoekebendoe saking Pangéran.

Soeraosing karangan waoe makaten:

1). Ing djaman materialisme lan imperialisme kados samangké poenika, wedaring sabda dalem waoe sasat boten gadah daja poenapa-poenapa.

2). Perang ageng ingkang wekasana, soeka pasaksen bilih tetijang Katoelik sami madjeng perang, sadèrèngipoen mawi binarkahan ing imamipoen pijambak-pijambak. Imam-imam bangsa Frans. Djerman lss. sami njoenjoewoen soepados tanahipoen saged oenggoel ing perang. . . . lan anggènipoen njoewoen waoe dateng Allah satoenggal ingkang sami déné sinembah-sembah.

3). Kg. S. Bapa poenika pantjenipoen makaten inggih kagoengan daja lan panggoewaos toemrap tentreming bawana. Nanging boten kapigoenakaken. Awit. . . Kawoeningnana Volkenbond poenika sasat boten gadah prabawa toemrap ékonomi lan poelitiking pradja-pradja. Kg. S. Bapa ingkang ma-abad-abad tansah ngoedi anggadahi pangawasa donja lan ngoedi oegi nglestantoekèng pangawasa waoe (wereldlijk gezag), boten njinaoe (mangertos) babar pisan lan bokmanawi inggih boten poeroen njinaoe, bilih: sadaja ingkang wonten donja poenika boten lana. (De Paus, die door alle eeuwen gepoogd heeft het wereldlijk gezag toe te eigenen en het te behouden, heeft niets geleerd en zal vermoedelijk ook nooit willen leeren, dat alles op deze aarde onb'stendig en betrekkelijk is). Makaten oegi pangawasa kadoenanipoen Pasamoean Soetji inggih boten lana. Ingkang angitjalaken wereldlijk gezag waoe Fransche revolutie. Lan, wiwit kala samanten Paus tansah ngoedi wangsoeling pangawasa ingkang itjal. Margi makaten waoe, K. S. Bapa ladjeng boten saged wonten sadjawining poelitik. Dadoesipoen; Pasamoean Soetji inggih ladjeng kapoelitikaken (verpolitiekt). Toemindakipoen Kg. S. Bapa kedah mawi angèntèti kabertahaning pradja-pradja sanès. Margi makaten waoe, margi banda, kawibawan, pracht en praal, katah anggènipoen andonjan!

4). Saoepami Paus poenika prijantoen soetji wiwit alit, inggih en geboren heilige, mahatma, boten moelitik; oet. pantjen prija ingkang tinoeding dados soetji, pandjenenganipoen temtoe ladjeng ngasta sandjanenganipoen ingkang ampoeh i. p. boten marenaken tetijang Katoelik toemoet perang, sarta boten marenaken tetijang Katoelik ngalemabana lan mropagandakaken lampah pambangkang (dienstweigering). Manawi S. Bapa kersa makaten, ménda-méndanipoen mesti manoet.

5). Nanging. . . . S. Bapa mangertos jèn ndawoehaken makaten badé noewoehaken protest saking ménda-méndanipoen (pradja-pradja). Dados, anggènipoen boten ngasta sandjata ampoeh waoe, bokmanawi margi adrijih Mussolini, adrijih dateng sadaja negari ingkang soeka pambijantoe dateng Pasamoean Soetji toewin missie wonten ing tanah-tanah djadjanhanipoen?

6). Sasat kénging kapastèkaken perang ingkang badé kalampahan, saged kaendakaken kanti pambijantoenipoen Kg. S. Bapa, langkoeng-langkoeng katah golongan sanès kalebet oegi tetijang Kristen, sampoen dangoe mropagandakaken dienstweigering. Nanging, toemrap prakawis poenika betah persoonlijkheid-ipoen Pasamoean Soetji; dados boten tjang ingkang ladjeng moelitik, nanging tjang ingkang kanggé tentreming bawana ambeg sambada bakoeh lan jakin, tegesipoen anglangkoengi tinimbang automaat. (— De groote zekerheid bestaat dat een oorlog in de toekomst bedwongen kan worden met medewerking van den Paus, te meer waar vele andersdenkenden, waaronder begrepen christenen ook reeds lang de dienstweigering propageeren (. . .) Maar zoolks gezegd, daarvoor heeft men noodig een persoonlijkheid van kerk, niet een verpolitiekt persoon, doch een krachtig en voor den wereld-vrede een innig overtuigd figuur, dus iets meer dan een — wij bedoelen er niets oneerbiedigs mee— automaat).

Mekaten tjarijosipoen *Linea Recta*. Karangan ingkang isinipoen wonten ingkang songkolan pijambakan poenika, amatjihmani bilih journalist *Linea Recta* ngidak papan déné ambah-ambahanipoen. Minggoe ngadjeng kémawon karembag langkoeng pandjang, kadjengipoen *Linea Recta* saja lega, saja mareng, saja mantep déné saged amabeni, maiben, warah-wawarah Katoelik babagan wereldvrede.

Prendjak Mataram.

SAKING PAKEMPALAN.

BANDA ROEKTI-WOERI.

(Procesverbaal).

Ing dinten Sabtu lan Ngahad tanggal kaping sekawan lan gangsal April taon 1900 tigang dasa satoenggol koela tetiga:

1. R. M. J. Santjaja Schatkistambtenaar Administratie kantoor der Landskassen ing Jogjakarta.

2. P. J. Poespasoejtjia Schatkistambtenaar 's Landskas ing Soerakarta.

3. L. Iskak goeroe Standaard-school Cansiusstichting ing Jogjakarta kapatah déning pérépatan Poesara Katholika Wandawa nalika tanggal gangsal welas Maart taon 1931 ing Soerakarta, nitipriksa kawontenanipun arta lan boekoe-boekoe gadahanipun Ondetling Levensverzekering Maatschappij „ROEKTI-WOERI” salebetipun taon 1930 ingkang katjeng Hartaka M.P. SOEMANDAR.

Sampoen nitipriksan lan njoemerepi kawontenanipun arta lan boekoe-boekoe O.L.M.J. „ROEKTI-WOERI” kasebat nginggil; nerangaken bilih:

a. — Serat-serat katerangan pinanggih djangkep.	
b. — Arta ing kas wonten	f 307.895
„ Escmpto Mij (Deposito)	f 7640.55
„ Escmpto Mij (Kassiersrekening)	f 1265.80
wonten sambotan	f 2670.—
woedjoed zegel	f 16.—

Goenggoeng kempal wonten f11900.245 (Sawelas ewe sangang atoes roepijah; kawan likoer satengah sèn);

Inggil nitipriksa:

W. G. J. Santjaja.
W. G. P. Soetjia.
W. G. L. Iskak.

Sapoenika toemrap brajat (huisgezins) kanggé prijantoen (Inl. Ambtenaren enz.) poenika kanggé djaman modern (kemadjoean Indonesia) béda sanget kalijan roemijin djaman 30 oet. 40 taon kapengker. Sebab betahing ngagesang sapoenika langkoeng katah tinimbang roemijin. Golongan prijantoen sapoenika kénging koela samèkaken kalijan bangsa Wlandi, Tiong Hwa oetawi Arab ingkang gesangipun samadya (Middenstand).

Oepami brajat poenika kasembadana, tamtoe boten poeroen doemoegei semanten kémawon gesangipun, mandar badé nempoe ingkang inggih toemrap ngadjengaken sekolah anak-anakipun oetawi nata saénipoen tijang bebrajatan sapa-noenggilanipun.

Tjubi, sapoenika „Het Nieuws” saged mastèkaken pinten telasipoen sadinten kanggé brajat Inlander golongan prijantoen poenika! Poenapa inggih badé kasamèkaken kalijan ing nginggil saketip sadinten?

Péranganipun blandja ingkang mesti kabajaraken, kadosta:

I. huishuur (séwan grija);
II. onveranderlijke uitgaven (belasting, pensioen en schoolgelden) (potongan padjeg nagari, pensioen, bajaran sekolah);

III. Voeding (teda sasaminipoen);
IV. Andere huishoudelijke benodigheden (kaperloean grija sanèsipoen);

V. Verlichting (Lampoe);
VI. Brandstoffen (kadjeng obong oetawi areng);

VII. Watervoorzien (toembasan toja);

VIII. Bedienden en waschgelden (bajar réntjang sarta ongkos kekoemba, penatoe);

IX. Kleeding en schoeisel (vooral de schoolgaande kinderen) toembas sandangan, toemrap laré-laré sekolah no. 1);

X. Geestelijke ontwikkeling enz. (kabatosan);

XI. Bijdragen aan arme familie wegens financieele gebrek enz. (oeroen kanggé brajat kamilaratan);

XII. Schulden, benevens transportkosten (njaer sambotan, sapanoenggilanipun).

Poenika wae ingkang katah pra-

sasatèh 3/4-ipoen sami manggè ing kita nagari ageng oetawi alit: inggih poenika karésidènan, kabopatèn, kita afdeeling, sarta pang-gènan-panggènan ingkang ramé ing pendamelan.

„Het Nieuws” poenapa boten saged netepaken sapoenika bilih brajat Inlander golongan Middenstand, gesangipun mèh mboten sanès kalijan Europeaan, kaotä namoeng oenda-oesoek bajaripoen!

Rahadjeng sanget déné Regeering oetawi Volksraad asring mboten nggega omongipoen pers-pers ingkang makaten poenika!

Analyse B. E.

KIDOENG PAMISOEH.

Kapetik t. Thamrin wonten Volksraad.

Rembag pangiridan, soedan bajar pantjèn dedreg wonten Volksraad. Warni-warni sekar ingkang pinetik saking tamaning gagasan déning warga Raad kawoela, kinalampakaken dados bokèt katoer dateng regeering. Margi saking kados-poendi koela boten saged anggagapi, kala angrembag prakawis pangiridan wae, warga Raad Kawoela t. Thamrin ametik pada *Vloekzang* oet. „Kidoeng pamisoeh” kados ing ngandap poenika:

Zult gij nog langer ons vertragen, Uw hart vereelten door het geld, En, doof door d'eisch van recht en rede,

De zachtheid tergen tot geweld?

Manawi kadjawèkaken kirang lang-

koeng makaten:

Apa isih loewih soewé anggonmoe ngidak akoe, Atimoe (amesti) kapalen déning doewit,

Lan, . . . amboedeg ing pandja-loeké si wewenang lan boedi resik, Si lemes, sarèh, kok bébéda, kok djati marang lakoe roda pari peksa?

Katjarjosaken, anggènipoen warga wae migoenakaken temboeng vertragen, ngidak, kaengetaken ing pangarsa . . .

Vloekzang poenika wae asli saking boekoe „De laatste dag der Hollanders op Java” karanganipun Sentot. Nama Sentot poenika wae angènetaken kita dateng agoel-agoelipun pangéran Dipanegara kala semanten (1825 — 1830), inggih ingkang misoewoer: Alibasah Prawiradirdja. Nanging, ingkang damel Vloekzang wae sadjatosipoen t. *Sicco Ernst Willem Roorda van Eysinga*. Pangkatipun: ingenieur 2e klasse bij de Commissie voor de Vervoermiddelen.

Insinjoer poenika wae, sanget sengitipoen dateng koloniale politiek. Sarta kerep njerat karang-karangan ingkang anjerikaken manahipun regeering. Ing tanggal 3 Sèptèmber taon 1864, pijambakipun kapatrapan sandjata ranté *exorbitanterechten*. Lawang Indonesia koemantjeng, pijambakipun boten kénging manggèn wonten ngriki, kedjawi namoeng wonten tanah Banda. Insinjoer wae, . . . ladjeng késah saking Indonesia.

Inggil andjalari insinjoer poenika kapatrapan sandjata ranté *exorbitanterechten*, margi, manoe tjarijosipoen *Indische Post* damel karangan wonten *Java Bode*, 23 Juni 1864 (no. 51) asisrah *Solo en de resident Nieuwenhuysen*?

Pakempalan dagang Dorrenpaal & Co ing Semarang, ingkang kala semanten gadah kabethan ageng wonten tanah Kedjawèn, ladjeng anandangi artikel wae. (Lan, . . . Pakempalan Cultuurmaatschappij der

Forstlanden sapoenika poenika, ingkang dados bapa baboenipoen inggih firma Dorrenpaal ing Semarang wae). — Firma Dorrenpaal kalijan pakempalan-pakempalan dagang ing Semarang sawatawis, ladjeng neda dateng ingkang Witjaksana Goepnoer Djèndral Sloet van de Beele, soepados nggatosaken karangan wae, Awit, kamanah poenika ngrèmèhaken papréntahan Walandi. Tanggal 3 Sèptèmber 1864 ladjeng wonten poetoesan: tanah Indonesia ingkang kénging kaambah insinjoer wae namoeng ing Banda.

Makaten poenika, babadipoen sakédj kidoengan Vloekzang dalah ingkang ngarang.

Sampoen mesti kémawon, sae-pami anggènipoen ngoetjapaken temboengan wae boten wonten Raad kawoela, boten sandé inggih saged damel sangsaraning badanipoen. Alijas *makan toewan*.

Perloe koela tjatet ing riki, pangodi dateng kamardikan poenika kedah sinangkan saking bakoehing dedasar, saking santosaning manah, pangarah ingkang patitis, sampoen ngantos *doeroeng kena iwaké woe boetek banjoenè*. Eman-eman sanget manawi pantoentoen-pantoentoen kasampoen margi *kirang pangatos-atosipoen* anggènipoen angempakaken temboengan, ladjeng kepeksa sinarimpoen wonten salebeting pakoendjaran. Kekijatan, kasagedan lss. ingkang pantjènipoen kénging katan-djakaken kanggé kamadjenganing bangsa, margi anggènipoen kinoendjara wae, salebetipun sawatawis wekdal kapeksa boten saged kapi-goenakaken. Inggil makaten wae nama pitoena ageng toemrap djagad pergerakan. Satoengilling pantoentoen ingkang toehoe waskita, mangertos ing gelar, mesti boten badé goegoep oetawi koemroengsoeng déning pinoendjoeng keplok mawoerahan; ingkang toendoniipoen ladjeng kirang ngatos-atos lan patitis anggènipoen angempakaken basanipoen.

A. S. D.

VAN LITH-STICHTING.

Poenapa Pandjenengan
woelan poenika
**SAMPOEN
NGINTOENAKEN
arta
CONTRIBUTIE**
kanggé
V. L. S.
?
Peningmeester V. L. S.
p/a 2e Convict.
Moentilan N. I. S.

DJAGAD WANITA.

BAB TINDAKING WANITA.

Sosorahipoen R. A. Hardjodiningrat wonten Konggrès P. W. K.)

Inggil badé koela andaraken poenika bab tindaking wanita.

Para sadèrèk temtoe inggih sampoen sami prika dateng tindaking sadèrèk kita wanita ingkang sami gesang ing maatschappij pijambak tanpa wonten ingkang ngajomi, tanpa wonten ingkang kersa mreodoeli. Kedap-kedap koela mireng pawartosipoen sadèrèk kita wanita Kath. ing-

kang mboten kantenan gesangipoen. Inggil makaten wae sanget dados prihatosing manah koela. Poenapa poenika mboten saged dados penggalhanipoen P. W. K. ?

Kawontenan ingkang kirang prajogi wae, ingkang katah mboten saking watak awon, nanging saking 1 kabodoan (onwetendheid), 2. kirang pengatos-atos oetawi 3. nggampilaken nalar (lichtzinnigheid). Pramila jèn kita poeroen toemandang temtoe saged merangi kawontenan ingkang kirang prajogi wae. Tijang pijambakan gesang ing maatschappij poenika sami kalijan kapal mlampah tanpa kendali. Kados-poendi lampahipoen? Poenapa mboten noendjang?

Tindaking wanita oegi mboten kénging sakersa-kersa kedah pados kawiloedjengan. Jèn ngantos noemboek-noemboek dawah, poenapa mboten kawirangan?

Wanita poenika oep. barang-barang ingkang ringkih toer barang pèni, dados kadjawil kémawon saged oegi sampoen dawah. Barang pèni dawah, mawi tjewoil poenapa mboten ladjeng soeda pengaosipoen. Kados-poendi tindaking wanita poenika sagedipoen kanti willoedjeng. Sagedipoen goemantjoeng dateng salira pijambak. Kita kedah ngèneti. Réhné barang ringkih kedah njinghiri samoe-kawis ingkang djalari dateng tindak ingkang kirang prajogi.

Koela wae sampoen matoer jèn tindak mboten saé wae wonten ingkang saking kabodoan. Wonten prija trampil kémawon roemaosipoen dipoentrenansi, ladjeng teroes nim-bangi. Poenapa poenika ladjeng mboten dados gampang?

Wanita kedah ingkang waskita sampoen énggal-énggal nimbangi katresnan jèn dèrèng rembagan kalijan tijang sepoe.

Tindak ingkang kirang prajogi saged oegi margi saking kirang pangatos-atos. Koela wae sampoen matoer jèn wanita poenika oep. barang-barang ingkang pèni. Barang pèni poenika temtoe katah ingkang njawang, katahing kang remen ngepèk. Réhné wanita poenika barang pèni, kedah ngatos-atos tindakipoen sampoen ngantos kénging wilwa: nèk kena didjawil kena digawa!

Barang pèni poenika kedah primen anggènipoen ngrimati. Makaten oegi wanita ingkang sedjati. Jèn wonten ingkang remen, senadjan wonten poetjoek redi Merapi inggih dipoenpoeroegi. Poenika pengrimatipoen temtoe inggih langkoeng ngatos-atos. awit angèl anggènipoen pados. Béda kalijan ingkang kénging wilwa. Gampil anggènipoen pados, ladjeng penggarapipoen sakersa-kersa. Saged oegi jèn sampoen djelèh kaboetjal saenggèng-anggènipoen. *) Inggil koela wastani kénging wilwa poenika: oep. wonten wanita ingkang gampil, dipoendjak dateng poendi-poendi poeroen remen plesir-plesir poenika gampil kéngingwilwa wilwa. wae.

Tindaking wanita kedah ngatos-atos.

Bab nggampilaken nalar.

Wanita ingkang remen nggampilaken nalar poenika badé damel risakipoen,

Koela atoeraken poenika pirantosing iblis ingkang landep sanget. Ratoen poetih mboten namoeng mandi toemrap wanita ingkang taksih legan nanging oegi mboten kirang wanita ingkang sampoen agarwa poetra andahar ratjoen poenika. Pramila inggih sampoen samestiniipoen jèn kita inggih kedah njenjoewoen da-*) Kadjengipoen pamedar sabda, tjara amboewang mekaten wae mesti kémawon boten pinanggih ing kalangan kita.

Red.

PANGANDIKANIPOEN K. S. BAPA LEO XIII.

(nerangaken patokan: Manoengsa poenika manoe kodratipoen toem-tah soepados gesang sesarengan, djalaran saking poenika ladjeng saged nggajoes kasampoernanipoen).

a. Manoengsa poenika kinodrat gesang sesarengan. Sarèhné gesang pijambakan boten saged manggih kabethanipoen toemrap kawiloedjenganing badan poenapa malih toemrap kasampoernaning wewatekan lan boednipoen, mila saking karsa Dalem Goesti Allah, manoengsa poenika kalairaken soepados gesang sesarengan sarta moedjoedaken pakempalan, boten ngemoengaken ngwontenaken bebrajatan, nanging oegi Pradja-nagari. Namoe margi poenika manoengsa saged angsal kabethanipoen ingkang sanjata. (Encyclic: Immortale Dei 1 Nov. 1885.)

b. Kodrating manoengsa anggènipoen ngwontenaken gesang sesarengan poenika kok boten soepados gesang sesarengan wae dados toedjoenipoen nanging minangka sarana anggènipoen nggajoes kasampoernan. Pramila manawi tjang sadjara-nagari ingkang dipoentoe - entoe namoeng kaentoengan lan barang ing lair, sarta nitik papréntahan toewin angger-anggeripoen kesoepepèn dateng Goesti Allah, poenika namanipoen njumpang saking toedjoenipoen lan saking angger-anggering kodrat. Jèn makaten ladjeng boten moedjoedaken sadjatining pradja-nagari oetawi pakempalaning manoengsa, nanging namoeng pradja-nagari tiron lan namoeng katingal saé ing lair. (Encyclic Sapientiae Christianae 18 Jan. 1890.)

teng Goesti sampoen ngantos kloelot dateng barang kadonjan wae. Kadjawil poenika kita kedah ngèneti dateng lenggah kita kawanitan. Poendi ingkang dipoen wastani wanita sedjati, inggih poenika ingkang noeroet galar dipoenlampahi. Sapoenika kados-poendi sarana kita para golongan sepoechan anggènipoen badé merangi?

Kita gadah wadjab manggalih dateng sadèrèk ingkang gesang ing maatschappij. Kita kedah mernahaken dateng sadèrèk wae, sageda angsal papan ingkang prajogi. Karsaa paring priksa jèn wonten patrap ingkang mboten prajogi. Sampoen ladjeng kagem patjitan ngendikan. Kita kedah netepi anggèni kita dados sesepoe, karsaa manggalih dateng sadèrèk kita.

Menggah kita poenika saged damel grija pondokan kanggé wanita ingkang sami njamboet damel poenika saé sanget. Kados ing Europa sampoen katah grija pondokan ingkang makaten poenika. Sebab poenika kedah béda kalijan pondokan laré sekolah. Menggah poenika saged kalampahan. Jèn para W. K. sami karsa ngedalaken kadigdajani-poen, Goesti amarengaken inggih saged kalampahan. Mila kanggé pantoetoe koela njoeuwen karsaa para sadèrèk toemoet njenjoewoenaken sarta mrihatosaken prakawis ingkang koela atoeraken wae.

CORRESPONDENTIE.

— Peningmeester K. W. ing Solo: kita sampoen tampi kintoenan postwissel. Matoer noewoen.

— Abn. 333. G. Toegjiana: pandjenengan pindh dateng poendi?

Adm.

— S. S. Dh.: P. Miroen, lan M. V.; R. Ph. Baskoel noewoen paring pandjenengan oeroen karangan. Nanging margi sesak dèrèng saged medali; sampoen dados panggalih!

Red.

DJAGAD MOEDA.

PADVINDERIJ.

(sosorahipoen sadèrèk P. J. Poespasoejtjia wonten stanislausdebatingclub Mataram kala 25 April '13.)

Pakempalan krida-witjara „St. Setanislaoes” ing Mataram kala 25 April ngadjangi sosorahipoen kadang *Poespasoejtjia* saking Soerakarta prakawis *Padpinder*. Koela boten badé mèngeti sadaja ingkang kawedaraken ing kadang *Poespasoejtjia*. Namoe koela pèngeti ingkang perloe-perloe kémawon makaten:

Inggil ngadani padvinderij poenika sang kalokèng rat toewan *Boden Powell* ing nagari Inggris, sarta kapérang dados tiga, i. p.:

1. Golongan *koertjatji* (Welpen), oemoer 6 — 12 taon.

2. Golongan *padpinder* (Padvinder) oemoer 12 — 17 taon.

3. Golongan *panoentoen* (Voortrekkers). 18 oemoer taon sapananggih.

Padpinder poenika kedah anggadahi wawatekan:

kéna diendel temboeng; ambeg setya; taklim, sarta remen atetoeoeng;

boten ambédakaken agami, golongan; ambeg welas dateng kéwan; ambangoen mitoeroet;

bigiring manah; gemi;

soetji pikiran, temboeng lan manahipoen;

nresnani siti kalairan.

Malebetipoen laré dados padvinder kedah kanti prasetya:

1. Bektiging Allah lan siti kalairanipun;

2. Mitoeloengi sasami ing sasaged-sagedipoen;

3. Anetepi kawadji baning padpinder.

Pamedar sabda anerangaken kanti tjeta, tjara-tjara lan pasinaon-pasinaon ing salebeting padvinderij, ingkang sadaja wae anoenoentoen dateng anggedèkaken kapertjajan dateng awakipoen pijambak, poenapa déné anggoela-wentah badanipoen pijambak.

Wosing rembag, pakempalan Padvinder poenika:

1. anggadahi sedyang nglempakaken laré-laré èstri lan djaler saking sadaja golongan kapantapanta dados golongan ageng lan alit, sarta anjinaoe sadaja dolanan oet. panglantihing padpinder ingkang saé lan mikantoe-kaken

kasarasan.

2. Margi panglantih lan dolanan ing salebetipoen padvinderij, pakempalan padpinder poenika anggadahi sedyang nggoela-wentah: kalakoe wan, pangettos, toewin badaning laré.

3. Kepandoean (padvinderij) poenika dolanan ingkang boten pinaksa, saged andoedoet manahipoen laré-laré ngantos anggadahi niat anglampahi sarat-sarat toewin wadji bing padpinder.

4. Padpinder poenika mranata dolanan-poen kalarasaken kalijan djananipoen, perloenipoen sageda laré wae mangertos lan nampi pikadjenganing djanan kalajan gampil, sarta migoenakaken sawangan ingkang resik.

5. Padpinder anggadahi sedyang nggoela-wentah laré-laré èstri lan djaler soepados ing béndjing dados tijang ingkang saé, ingkang remen migoenakaken boedi, pangertos, kabatosan lan badanipoen kanggé perloening bangsa, tanah kalairan, gesang sasarengan, sarta sadaja oemat.

Pasamoean Katoelik kalijan Padpinder.

Saladjengipoen pamedar sabda

nglantaraken pamanggihipoen prijagoeng-prijagoeng toewin sardjana Katoelik sawatawis bab Padpinder; kadosta:

Pastoeur *Donceour S. J.* kaseboet wonten *Etudes* woelan Maart 1926, ngandika, ingkang manawi kadjawèkaken makaten oenglipoen:

„Lalabetané Boden Powell sing gedé déwé jaikoe angoné nonoman bisa mangrasoel-krida lan ikeo dadi koekoebaning *panggoela-wentah*, dadi ora moeng dikloempoe-kaké tinalénan dadi sidji lan bandjoer wineleg *Onderwijs*. (.) Kaprigelan-kaprigelan lan pangrèhing panjamboet gawé, anoentoen tangané kapigoenakaké kanggo ngreksa awaké déwé ing sawajah-wajah, sarta atetoeoeng kasangsaran lan rekasané wong lija. Kadjaba koewi oega anjantosakaké wawatekan, ngandakaké pangandel marang awaké déwé, ngerèh pikarep anggoegoé sakarepé déwé, ngoendakaké kaboengahaning oer-p kang sadjati, anoentoen marang kasatrijan, tansah soemadija kanggo anglaboehi tanah woetah getihé, Pasamoean lan Pangéran, sarta marakaké wong-wong angadjèni marang agamané. enz.

Pandjenengan dalem *Pius XI* kala taon 1926 angandika wonten ngadjengipoen padpinder Inggris. „Pagawéjané Verkenner koewi sawidjining tjara kanggo anjampoernakaké.

Pandjenengan dalem Kardinal Cosquet angandika:

Kamanoengsan sing sampoerna koewi olèh-olèhané kang loehoer déwé, samono maoe manawa para Verkenner pada anetepi kasagoehané.

Toean Fr. H. Drinkwater njarijosaken: Pagawéjané Verkenner andajani gedé banget toemrap karahardjaning batin lan bad-n, sarta oega kaleboe tjara betjik kanggo andoedoet botjah² pada andèrèk Mis Soetji. Mesti baé pergerakan padvinder angadjoké soepaja botjah² pada anetepi wadji bing Katoelik; enz.

Ngarsa dalem Pius XI ngandikani padpinder Katoelik 10.000, makaten: „Ing sadjoring brajatmoewi kowé tetep dadi golongan anom, pitoe-loeng koewat, sarta loehoer toemrap agama, brajat lan negaramoe (. . .) Verkenner koedoe tansah bisa santosa, tatag, teteg, sarèh, lan mènèr. Verkenner koedoe tansah pana marang kang Maha Kawasa, dalah angger-angger Dalem; apadéné koedoe mangerti tenan manawa Pangéran ana ing ngendi-endi; Sarta iki maoe kabèh katitik ana ing wawa-

Sw. Tm. lembaran II.

Béndjing tanggal 21, 22 Mèi ing ngadjeng poenika badé kawontenaken toelatingsexamen Normaalschool Ambarawa.

Laré ingkang nglebeti examen kedah dipoenbektani:

1. Soertipikat oetawi verklaring jèn badé tampi soertipikat klas V.
2. Serat rapport wiwit klas I doemoegi klas V.
3. Petoek loenasing padjegipoen tijang sepoech.

„Inkang kéning nglebeti examen waoe, namoeng laré wedalan pamoelangan **Temanggoeng, Semarang, Solo** sawétanipoen.”

Bajaran sekolahan pendak woelan f 2,50 oetawi langkoeng. Inkang sagah mbajar langkoeng, dipoenpendet roemijin. Makaten oegi inkang sagah mbajar roemijin 25 — 50 roepijah, oegi badé dipoenpedet roemijin sarta badé kaparingan soedan wiwit klas II.

Salebetipoen toelatingsexamen boten dipoentjawisi teda wonten ing Normaalschool.

Directeur Normaalschool
Ambarawa.

L. van Rijckevorsel.

EXAMEN NGLEBETI NORMAALSCHOOL MOENTILAN.

Béndjing tanggal 21 Jan 22 Mei.

Kasép - kasèpipoen saminggoe sadèrèngipoen examen, para mantri goeroe angintoenna pratélaning moerid ingkang badé nglebeti, njeboetaken nama kanti djangkep, bidji, kalakoean.

Normaalschool Moentilan boten mendet moerid saking Kaboepatèn Temanggung, Karésidénan Semarang, Solo, sapangétan. Moerid - moerid saking panggénan waoe kénging nglebeti Normaalschool Ambarawa.

Dirèktoer Normaalschool Moentilan.

ÉKONOMI.

OPENB. VERG. P.C.K. (PERSATOEAN COÖPERATIE KARANGANJAR DDO. 19.4.31 WONTEN ING DOESOEN ADIKARTO.

Inggang dateng.

Wakling: coöperatiën-42, Vak-vereinigen 13, sosial vereenig. 6; Politiek vereenig. 2 (B.O. Ka. + P. P. K. D. ka.); pers 5 (Soewara Oemoem, Aksi, Sedyo Tomo, Soeara Katholiek, Sworo Tomo) Wakil Pemeréntah 1: pandjenganipoen Ass. Wdn. Sroeweng goenggoeng keplok ± 4 atoesan.

Sadèrèngipoen pangarsa mbikak parepatan, ngatoeri soegeng dateng ingkang sami rawoeh. Woosana voorz. Comitè panampi verg. minggah ing podioem, preloe ngatoeri soegeng dateng ingkang sami rawoeh, lan memoedji, ingkang soepados parepatan ing dinten poenika sageda aoewoh saé, miwah moerakabi dateng koela Indonesier; toentoenan ladjeng kapasrahaken dateng pangarsa.

Pangarsa mbikak parepatan, sarta ngladjengaken agenda no. 2, inggih poenika bab hak vergadering; ingkang dados pamedar sabda sadèrèk Hardasoemarta. Sasampoenipoen maos boekoe hak vergadering kinantèn ing katerangan, ladjeng wonten sadèrèk sawatawis ingkang sami neda katerangan.

Ing riki badé koela tjoepik ingkang sakinten perloe kémawon.

1. Poenapa oprichtingsvergadering poenika, oegi ateges openbaar? Lan poenapa kedah angsal idin? W. 1 inggih, 2 manoes hak vergadering, boten perloe njoewoen idin, alitipoen ngatoeri priksa dateng Pemeréntah.

2. Poenapa besloten ledenvergadering, kedah angsal idin? W. boten.

3. Jèn openbaar verg. kados-poenidi? Toemrap pakempalan sanès politik, boten preloe ngatoeri priksa agengipoen njoewoen idin. Nanging jèn politik, namoeng kedah njaosi priksa tok, 24 djam sadèrèngipoen pakempalan wiwit.

4. Jèn openlucht kados-poedid? Kedah angsal idin.

5. Poenapa kénging politie ndatengi dateng sadaja vergadering? w. ingkang kawadjabaken ndatengi, namoeng wonten ing openbare oetawi openlucht vergadering. Nanging manoes stb. th. '30 no. 31 fasal 8, poelisi kénging ndatengi wonten ing papan besloten verg. mekaten waoe bilih politie gadah pandakwa, jèn pakempalan waoe nradjang no. 108 lan 111 bis.*) Nanging jèn pakempalan waoe tjeta boten nerak, politie kénging kaa-*) ?? Red.

toeran linggar. Jèn politie waoe meksa (boten poeroen) nandakaken jèn boten soemerep ing hak, wasana hak verg. ingkang sampoen katerangaken waoe, kasoewoenaaken priksa dateng wakiling Pemeréntah, w. sadaja sampoen leres.

6. Wiwit poendi ingkang dipoenwastani politie? Wiwit reserse. Sasampoenipoen tjepak, noenten neroesaken agenda no. 3 bab Coöperatie. Inggang dados pamedar sabda pandjenganipoen R. M. Margana wakil saking adv. volk. Crediet-weezen en Coöperatie ing Batavia-Centrm. Babagan Coöperatie lan economie katerangaken kanti pandjang sarta tjeta. Ing riki badé koela pendet tetemoengan ingkang preloe-preloe.

1. Antjasing coöp., poenika wonten klas-klanipoen 3.

kl. I. Jèn antjas waoe, namoeng mugi noedjoe dateng kaenténgan oetawi kamajaran.

kl. II. Jèn antjasipoen ndjoendjoeng dradjading bangsa, sarana lampah coöperatie.

kl. III. Jèn antjasipoen, badé moeter (ngoebengaken) oetawi ngojak dateng kapitaling djagad.

2. Nerangaken babagan Rechtspersoon. Rechtspersoon poenika kabédakaken warni 3.

a. Inl. Recht. — rechtsp. kanggé bangsa boemi, dados hak-hakipoen sami lan haking tjang boemi, ragadipoen f 3.—

b. Europ. recht. — rechtspers. kanggé bangsa Éropah, ingkang hak-hakipoen sami lan tjang Éropah, ragadipoen f 50.—

c. Rechtspers. notaris poenika ragadipoen ± f 250.—

Sasampoenipoen pamedar sabda kéndel ladjeng katah sanget para sadèrèk ingkang sami njoewoen katarangan.

1. Poenapa èstoe, Kg. Pameréntah, najogjani lan ngadjengaken, dateng coöperatie (economie) kanggé bangsa boemi ngriki? W. saèstoe ngadjengaken lan najogjani sanget, malah ngadjeng-adjeng sanget, ingkang soepados ékonomi kita sageda saé lan santosa. Boektinipoen: Kg.

Anak koela ingkang no. 2:

"ALOYSIUS SOETARTA"

lairipoen 19-4-'31.

Koela kekalih:

Mangoensoebrata.

Batang 23-4-'31.

dining kodrat, kang èdi lan éndahé ngemoe teges lan piwoelang kang kena tjinkoep. Verkenner Katoelik koedoe tegoe lan prawira, ngerti dalan kang koedoe diambah, sarta weroeh papan kang dadi koekoebané, kanti sarèh lan pinikir enz. enz. . . .

**

Makaten wosing sosorahipoen sadèrèk Poesposoetijptoe waoe.

Pangadjeng-adjeng koela moegi, pèngetan tjepak ing nginggil poenika anggoegah manahipoen para wreda toewin moeda Katoelik samia angdjengaken tatanan barisaning para anèm. Enget: sinten ingkang saged anekem laré (moeda) saminipoen sampoen ngréng djaman béndjing.

Ing Soerakarta sampoen wonten pakempalan padpinder Katoelik „De Morgenster”. Lan, koela pitados sawedaling verslag poenika ing papan-papan ingkang katah laréniipoen Katoelik mesti badé ngedegaken pakempalan Moeda Katoelik; lan arémbétan M. K. waoe, mesti ladjeng mradjak toewoehing pakempalan padpinder Katoelik kados semining ron ing wantji rendeng. Koela mangertos ing Semarang wonten sad. Djoepri Nitihardja (panoentoen Kependoean Bangsa Indonesia Semarang); ing Klatèn

wonten sadèrèk Daldjana; ing Mataram wonten moeda Soegijarta, Markidja, Bernard, Soewandi, Soetana, Iss; ing Medari wonten sadèrèk Kresna, Soeprapta Iss. (— malah ing Sw. T. naté wonten verslag ing Standaardsch. Medari dipoenwonteni club laré-laré ingkang ingkang ing béndjing sageda tatag, teteg tanggon kados sang Mussolini—); ing Moentilan wonten sadèrèk Soerattja, Martoetama, lan Michael. . . ; ing Mendoet wonten sadèrèk Hardjasoesana (roemijin dados panoentoen padvinder ing Poerwokerto);— ing Boroboedoer wonten sadèrèk Roesma Dwidja. . . ; ing Magelang wonten saodera Bremani; ing Ambarawa wonten saodera Soemadi. . . ; ing Poerwordjo, Keboemèn; Madioen, Malang, wonten moeda. . . ; Lan sadaja waoe koela tanggal sami mangertos ing artosing jeugdbeweging, ingkang mesti ladjeng goemarégah ananggapi djawilan koela poenika. Mangga, . . . tjantjoet tali wanda, mingkis lengen!

Verslaggever, sarajanipoen goes Hèrlangga.

JEUGDBEWEGING ING INDONESIA.

Kala Setoe 25 April sonten *Indonesia Moeda* tjabang Mataram mèngeti anggénipoen sampoen oemoer sataoen, sarana ngawontenaken parepatan oemoem manggèn ing pendapa Djajadijoeran.

Inggang perloe koela tjatet ing ngriki, babagan:

Padvinderij. Sadèrèk Soeganda, oetoesan K. B. I. anerangaken saé lan aosisipen padvinderij. Kapratèlakaken satoenggiling nara pradja bangsa Walandi naté tjarijos soerapisipoen makaten: „Manawa akoe dikon ngarani gagajoehan sing loehoer déwé kanggo tanahkoe, ora ana lija kedjaba bisané bangsakoe kadadéjan moeng saka wong-wong kang maoené ngalami dadi padvinder lan nglakoni pagawéjaning padvinder. Bangsa kang mangkéné iki tetep dadi moestikaning kamaonoengan bakal anodoehaké koe-kowatan batin kang gedé déwé marang djagad.” — „Als ik het hoogste ideaal zou moeten noemen voor mijn land, dan zou het zijn, een volk, welks mannen uitsluitend zouden bestaan uit degenen, die padvinders geweest zijn en zich

het padvinderswerk hebben eigen gemaakt. Zulk 'n natie zou 'n sieraad zijn der menschheid, zij zou de grootste morele kracht te aanschouwen geven die de wereld had gehad.”

Sapinten adjining jeugdbeweging, oegi katitik saking pangandikanipoen Theodore Roosevelt, tilas president Amerika: „Manawa kowé arep toemandang kang oemoem kanggo wong, koedoe kosangkani sadoeroengé wong maoe doeroeng dadi wong. Kagajoehing sedyo loewih mitajani manawa sinangkan saka si botjah.

Padvinderbeweging nedya mapralti tjatjad - tjatjadiipoen bangsa, medal panggladi warni-warni ing salebet- ing padvinderij. Déné tjatjading bangsa waoe miteroet t. Baden Powell kadosta: kéjtalan pangadjidateng azami; toena ing discipline; kirang kandel ing patriotisme; moerka; ambek sija; katjoelkan, kadoerdjanan lan roda paksa; milarat; ngabotohan; kesèd; prakawis - prakawis ingkang boten soesila; badan boten saras Iss.

Jeugdbeweging. Ing parepatan ngrikoewonten ingkang ambabad-aken sakedik babadipoen pergerakan - penoeda wiwit madegipoen *Trikaradarma* ing tn. 1915 ingkang

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

GÈSRÈKIPOEN INDONESIAERS KALIJAN TIONGHOA ING PEKALONGAN.

Anarboeka manahipoen Indonesièrs.

Wonten Swara Tama no. 13, koela sampoen angatoeraken; anggénipoen prakawis kriwikan ing Pakalongan dados grodjogan, poenika margi: „Tetjjang Tionghoa ing pasisir Lèr ratjakipoen katah sanget ingkang njapèlekaken tetjjang Djawi.”

Katrangan koela poenika koela tjotjogaken kalijan katrangan opisijil saking resident Pakalongan. Katrangan waoe anjarijosaken „nalar ingkang penting anggénipoen prakawis sapélé waoe ladjeng andados, margi koerangdjaring patrapipoen para Tionghoa-totok ingkang sadéjan tjita, dateng péhak Indonesièrs salebetipoen woelan Sijam. Mandar golongan Indonesièr ingkang soegih pisan inggih angalami kataman patrap koerang adjar waoe.”

Katjarijosaken tetjjang Tionghoa kala samanten sami anoetoeptoknipoen, kanti sedyo: 1. demonstrasi anti bestuur; 2. kanggé santolan boten njaoeri samboetanipoen dateng importeurs, margi anggénipoen boten saged sadéjan. 3. kanggé minangka djadjalan amedjahi dagangan Indonesièrs ingkang dipoen- anggep boten saged gesang manawi tanpa wonten Tionghoa.

**

Sanadjan kawontenanipoen sapoenika sampoen tentrem, ing Betawi kala 19 April madeg babadan ingkang nedya angroekoenaken golongan Indonesièrs Arab toewin Tionghoa ing Pakalongan. Inggang dados warganing Komitè Perdamaian babadan waoe, saking golongan tiga pisan.

Koela mangajoebagja dateng loehoering djanganipoen Komitè Perdamaian. Awit koela inggih mangertos, roekoening pinten-pinten golongan ing salebetipoen gesang sesarengan poenika dados nalar penting toemrap ajoening djagad.

Nanging roekoen, . . . roekoen, . . . poenika kedah apawitan adedasar sasami-sami! Kedah doedoek sama rendah, berdiri sama tinggi. Aos-ingaosan!

Kados-poendi menggah sasambetanipoen Tionghoa kalijan Indonesièrs ingkang toemindak doemoegi sapriki poenika? Katah ingkang amastani, bilih sapriki sapriki golongan kalih poenika sampoen roekoen. Wonten gandèngipoen ingkang kawastanan „perhoeboengan manis.” Nanging „perhoeboengan manis” waoe, manoes temboengipoen koran Kiauw Po ing Bandoeng, ingkang dipoenpanganggi Mr. Lie Tjiong Tie: „. . . Perhoeboengan jang manis”, sebetoinja ada antara Indonesier dengan Tionghoa di Pekalongan, djoestroe manis setjara pendjoeal dengan pembeli, antara madjikan dengan boedak.

Dados manoes katranganipoen Mr. Lie Tjiong Tie, manising sambetipoen Tionghoa kalijan Indonesier waoe doemoenoeng wonten: tjang sadéjan kalijan ingkang toembas, oetawi bandara kalijan batoer. Nanging „perhoeboengan manis” ingkang tjara sesami-sami boten wonten.

Mr. Lie Tjiong Tie waoe oegi njarijosaken: „Hidoep roekoen

dan manis baroe bisa djadi kalo pendirannya kedoea pehak ada sama. Tetapi kalau satoe pehak selaloe maoe dipandang sebagai lebih tinggi, hampir seroepa. „Toeian dengan boedak” mana bisa hidoep roekoen dan manis?

Amila, perloe sanget manawi Komitè Perdamaian waoe andjangka soepados gagajoehan „sasami-sami” waoe toemanem wonten manahipoen golongan ingkang sapriki anganggep menang inggiltinimbang Indonesièrs. Samanten waoe manawi temen-temen angèsti karoekoenan.

Nanging, sadèrèk, temenipoen kémawon, inggih ingkang kawastanan perhoeboengan manis waoe, ingkang ameperaken manahipoen Indonesièrs dateng babagan padagangan. Manawi tjara temboengipoen journalist Tabrani, ing babagan poenika bangsa kita sampoen sasat binalenggoe. Padagangan ing ngriki sasat sampoen katjepeng ing golongan Tionghoa, dalasan ngantos doemoegi wandé alit ing padoesoenan. Mila inggih boten maibem manawi gagandèngan kalijan lalampahan ing Pakalongan, wonten swanten ngoemandang ing swasana Indonesia: zonder Tionghoa orang Indonesia tidak bisa hidoep!

Lan, . . . poenapa salaminipoen bangsa kita inggih poeroen, kabetahanipoen dalasan ingkang boemboe pawon, dipoenladosi ing waroeng-waroe Tionghoa?

Pasaksèn ageng, gèsrèkan ing Pakalongan, andjalari tetjjang Indonesièrs ing ngrikoewon sami kroda, angedegaken wandé-wandé kopras. Toekang koran saged anjarijosaken, saplok wonten lalampahan waoe, toewoehing kopras ada-adanipoen bangsa kita ladjeng mradjak pating djredoel, doemoegi ing doesoen-doesoen. Inggang makaten waoe saèstoe angangaken manah!

Kadjawi ing ngrikoewon, ing Soerabaja, Soerakarta, Mataram, Banjoesmas, Iss. pakempalan-pakempalan kopras waoe inggih andemenaken sanget!

Poenika waoe sadaja dados pasaksèn, anggénipoen bangsa kita badé mrengkang saking sakedik, sampoen neantos kabetahanipoen tansah linadosan ing waroengsanès bangsa. Bangsa kita sampoen wiwit tinarboeka, anatas saking sakedik balenggoening „perhoeboengan manis,” ingkang doemoegi sapriki andjalari kénakén.

Prakawis poenika soepados dipoensoemerepi oegi déning Komitè Perdamaian ing Djakarta. Dados kadjengipoen Patjar Merah:

1. Komitè waoe kedah ngoedi soepados wonten roekoen ingkang adadasar sasami-sami: doedoek sama rendah berdiri sama tinggi. Sampoen ngantos kados ingkang sampoen! Tegesipoen: sampoen ngantos ingkang sa-toenggal nganggep lan toemindak kados langkoeng menang langkoeng inggil dradjadipoen tinimbang si Kramadangsa. Golongan waoe kedah tepa salira, angènteti temboengipoen Mr. Lie Tjiong Tie: „. . . Dia orang tidak ingat, kalau kita kedatangan tetamoe koerangdjari diroemah, apa bisa tinggal diam?”

2. Sampoen ngantos diangka angroekoenaken waoe, wohipoen ladjeng angléla-léla Indonesièrs, ngantos balenggoening „perhoeboengan manis” saja ketjeng. Tegesipoen: sampoen ngantos anjrimpoeng pladjengipoen Indonesièrs wonten djagad padagangan, ingkang sapriki sapriki dados gadahaning sobatipoen: bangsa Tionghoa!

Moegi pangadjab poenika sageda kalampahan saèstoe!

Kumuningasaselé 26 April '31.

Taklim: Patjar Merah.

Pemeréntah sampoen jasa bebadan ingkang boten sakedik ragadipoen. preloe kanggé ngadjengaken lan nenantoen dateng ékonomipoen kanta koela tjang siti.

2. Jèn tjeta Pemeréntah ngadjengaken ing babagan coöperatie (ékonomi) kénging poenapa déné wakiling Pameréntah (B.B. ambenaren) kok sadjak ngalang-alangi? — W. Poenika saking wawasan koela, kok namoeng seling serep.

3. Soepados para B.B. boten toemindak kados makaten malih, mbok inggih para B.B. waoe kaparingana serat oendang! — W. badé koela oesoelaken. Anggénipoen boten kaodangaken poenika, djer prakawis koperasi (ékonomi) sampoen kamot oegi wonten staatsblad. Dados pantjenipoen inggih sampoen mangertos pijambak.

4. Jèn coöperatie, dados, Pemeréntah poenapa boten ngoewatosaken bab risak (pedjahipoen) loemboeng lan bang doesoen? — W. boten; djer loemboeng lan bang doesoen waoe, èstoenipoen leder ingkang sekawit namoeng noeladani dateng volk. — Dados jèn volk sampoen toemindak pijambak, Pameréntah malah bingah sanget. — Coöperatie ndadosaken pedjahing loemboeng lan bang doesoen, poenika boten dados sebab poenapa-poenapa.

5. Loemboeng lan bang doesoen, poenika gadahanipoen sinten? W. Kawitan gadahanipoen tetjjang doesoen ingkang sami njélengi, nanging sapoenika dados instelling-ipoen Regentschap.

6. Poenapa kénging kasoegihanipoen loemboeng lan bang waoe kasoewoen wangsoel? — W. wangsoel dateng persoon boten saged, nanging wangsoel dateng doesoen saged — saoegeer panjoewoenan waoe

Kagem poetra pandjengengan! Koela atoeri moendoetaken:

HOEDYANA

Koran waosan laré. Medal sawoelan kaping kalih. Basa Djawi aksara Djawi lan Latin. Awangoen boekoe rinengga ing gambar.

Regi namoeng

f 0,50

tigang woelan.

Adres:

Administratie Bloedring Redaksie: Poerwokinnant Djokja.

béndjingipoen ladjeng dados Jong-Java. Bakda Jong-Java ladjeng pating djredoel wontening pakempalan-pakempalanipoen para anèm kados-déné Sekar Roekoen, Jong-Sumatanenbond, Jong-Celebes, J. I. B. Iss. Dangoe - dangoe, pakempalan-pakempalan waoe sami betah manoennggil, temahan ngawontenaken babadan kapoerih matitisaken rembag poenika. Kalampahan, kala taoen kapengker komisi anetepaken manoennggiling pakempalan-pakempalan nénéman nanging boten medal federatie. Jeugdvereenigenen warni² waoe ladjeng sami pinedjahan saking pikadjengipoen pijambak, temahan namoeng ngawontenaken pakempalan satoenggali p. *Indonesia Moeda*. Déné ingkang dados dadasaripoen ladjeng toemindak makaten waoe, margi sami angoesemi:

„Kita orang *berbangsa satoe*, jalah bangsa Indonesia Kita orang tjoema *bertoeempat darah satoe* jalah tanah Indonesia, dan kita orang poen *berbahasa satoe* jalah bangsa Indonesia.

Kanti dasar tiga waoe I. M. anggajoech kaloehoeraning Indonesia!

Verslaggever.

Receipt²



APOTHEKEN
Rathkamp
& Co
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja : klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk : ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.
Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :
Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESANA
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

M. v. BIENE.
Toekang herlodji dan Toekang emas.
Adres jang moerah
DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.
Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran Swara Tama.
dapat POTONGAN.

Mangga moempoeng mirah mekaten.
Sepiritus kanggé lampoe, 94⁰/₀: sa-blèg à 18 liter F 3,50.
Schellak, garing, 1 Kilo " 2,75.
Caurticsoda, sa-drum à 50 kilo " 11,50.
Copallak; sa-blèg à 10 kilo " 12,50.
Zinkwit Maastricht, zegel abrit; sa-tong à 50 kilo " 23,—.
" " " " à 100 " " 25,—.
Kedjawi poenika: idjem cromaat sepoech, djené cromaat nèm, ch. z. loodmenie, ijzermenie mawi ijzerroxijde 85 doemoegi 90⁰/₀, oker djené lan sawo mateng, tjemeng Zweden, drie-bandzwart, sikat - sikat, penoeli - penoeli, sèla kambang Éropah, rempelas dlantjang lss.
Ngoentoengaken sanget kanggé para Aannemer lan para kilak.
Verffabriek R. B. FRIELING
HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

TOKO DJOEN & Co.
TELEFOON No. 374.
PATJINAN — DJOCJA.
KITA POENJA ROTIE JANG DIE TOEMBOOK PAKEE
KNEEDMACHINE
DENGAN TENAGANJA
ELECTRISCH
TENTOE PALING
DJEMPOL
SILAHKEN BIKIN PERTJOBAAN
Memoedjiken dengan hormat
DJOEN & Co.

TOKO BARANG - BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.
ADRES JANG PALING BAIK, boeat:
Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak - anak ketjil. —
SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

Retrèt kanggé wanita.
Papan: wonten ing wihara Zusters Fransiscanessen Mendoet.
Tapoekipoen : 1 Djoeni '31, sonten.
Rampoengipoen : tanggal 5 Djoeni éndjing.
Waragad : f 3,— (tigang roepijah).
Basa: Djawi.
Ingkang ngarsakaken toemoet, soepados pratèla dateng Pangagenging Internaat Mendoet, kasèp-kasèpipoen doemoegi tanggal 20 Mèi 1931.
MOEDER ODRADA.

saking poatoesaning doesoen.—
7. Panjoewenipoen dateng poendi? — W. Dateng centraalkas oetawi dateng Dep. B. B.
8. Poenapa Kg. Pemeréntah boten kagoengan mèlik dateng coöperatie-coöperatie. — W. Pemeréntah soetji, soetji saèstoe. Boten kagoengan mèlik babar pisan ing babagan coöperatie poenika.
9. Poenapa karsaning Goep. ing atasing coöp. boten namoeng nglampahaken koloniale politiek. — W. Boten. Oepami ladjeng mekaten, kénging kaoendoeran.
10. Poenapa coöperatie dipoenkèngingaken paos? — W. Wekdal sapoenika dèrèng, saweg badé karembag wonten Volksraad. — Europ. coöperatie sampoen.
11. Bank lan loemoeng poenapa sampoen maosi? — W. dèrèng.
12. Coöperatie ingkang sampoen kados - poendi, ingkang kénging kapriksa déning ingkang wadjib? babagan administratie? — W. Ingkang sampoen rechtspersoon, ingkang dèrèng boten badé kapriksa, taksih mardika.
13. Sinten ingkang kadjibah mriksa? — W. Tijang ingkang sampoen angsal matchteging saking ingkang wadjib, tijang ingkang boten kawadjib, boten kénging mriksa babar dji.
14. Poenapa coöperatie poenika gegandéngan lan central kas? — W. Boten.
15. Kados - poendi, menggahing rentenipoen toemrapping coöperatie, poenapa inggih kedah sami? — W. Boten; manoe poatoesan ngrikoe.
16. Poenapa kénging coöperatie njamboeti dateng sanès lid? — W. Prajogi boten; margi ribed pangoe-roesipoen, lan oegi kénging jèn ing Statuten dipoenseboetaken.
17. Poenapa kénging oepami banda Verbruikcoöp. sapéranganipoen kalampahan dados Crediet of Productie? — W. kénging jèn sampoen kadoegi.
18. Poenapa prabot oetawi poeng-gawa doesoer sanèsipoen, kénging

dados liding coöperatie? — W. Kénging, boten wonten alanganipoen.
19. Poenapa kénging njamboetaken srana borg? — W. Kénging.
Mekaten wosing rembag-rembagipoen. Déné rembag - rembag waoe ndadosaken mareming tijang ingkang sami mirengaken.
Parepatan kabikak djam 9³/₄ katoetoe ± djam 2 kanti wilodjeng.
saking Karanganjat J. S. B.

OERAP-SARI.
KABAR KATHOLIEK.
VATICAN, K. S. Bapa nampi (audiëntie partikelir):
Graaf Karolyi, minister Djawi-Negari ing Hongari. Bakda audiëntie ladjeng dateng pandjenanganipoen Staatssecretaris, Kardinaal Pacelli.
Makaten oegi G. G. Ierland, James Mc Neill.
INDONESIA. Bangsa Dajak kètjil-an Rama satoenggala.
Pastoer Ignatius v. d. Putten O. C. wonten satjelaking Poatoes Sibau (Borneo) sampoen katimbangan ing Allah. Sadangoenipoen wonten ing missie ngrikoe i. p. (23 taen) tansah ngladosi bangsa Dajak ing Borneo sisih Kilèn. R. I. P.
Sadèrèk Djawi angsal tambahan Broeder kalih. Mentas kémawon wonten Broeder kekalih toeroen saking nagari Walandi: Broeder Matheo kanggé Solo, lan Br. Marcellianus kanggé Moentilan.
Retrèt ing „Giri-Santa” Ing woelan Mei ngadjeng poenika badé wonten retrèt: tg. 13—17 Mei kanggé marine — personeel. 19—22 Mei kanggé para siswa ingkang sampoen tamat Mulo oetawi Sakolahan Tengahan. (Wragad: f 5.—) 23—26 Mei kanggé Heeren (Wragad: f 10.—)
Sadaja retrèt waoe mawi basa Welandi.

AFRIKA. Missie ing pelo Mauritius: kapitoenèn katah.
Cycloon ingkang nradjang pelo

Mauritius sampoen damel pitoenèn katah dateng missie ing ngrikoe; katah Grédja, sekolahan, wihara toewin gedong sanès-sanèsipoen sami risak. Toedjoenipoen ingkang manggih pedjah kalebet sakedik. Sapratiganipoen tijang ingkang deoenoeng ing pelo waoe sampoen Katoelik. (Pelo Mauritius doemoenoeng wonten ing Samodra India, sawétanipoen pelo Madagaskar, ingkang oegi wonten sawétaning Afrika; wijariipoen 720 mil pesagi; tjatjah djiwanipoen 377.000).

PARANGAKIK. Lampah gratis kanggé missionaris.
Dèrèng lami kolonist Pransman sami ngwontenaken congress; lan wonten ing rikoe sami saroedjoek badé njowoen dateng paréntah, soepados para missionaris Pransman, ingkang mangkat dateng lan mantoek saking missie bakda 5 taen oet. margi sakit, angsala noempak baita kanti gratis. Andak poenika badé angsal damel? Kilap! Nanging makaten sampoen nélakaken anggènipoen ngaosi pandamelanipoen para mis-

sionaris.

Satoenggiling Soester angsal bintang „Légion d'Honneur” Ingkang kadawahan bintang poenika Soester petak, Térmeau; missionaris wonten ing India. Déné sababipoen: „Sampoen tigang dasa satoenggala taen anggènipoen moelasara tijang sakit léprah” Tjobi sabab poenika kagaliha pijambak! Mangké rak tjetaning tjeta, jèn kedah angsal tanda panrimah! Toer oepami boten kadawahan bintang inggih amesti badé marem kémawon, awit pandamelan ingkang sadjatosipoen anggegirisi sanget poenika sampoen katjatat ing Boekoe Gesang.

KABAR OEMOEM
INDONESIA.

MERAPI.
Batang ladoe.
Kala dinten Senèn Kliwon 27 April '31 Merapi ketingal ing semoe, bilih badé kroda. Sanadjan wantji sijang wedaling lahar saged ketingal tjeta toer katah sanget, gebjaring tatitipoen kala-kala ngawonaken sorotaning, kloekoecking redi manawi katilingtilingaken oegi saged kapireng saking Salam.
Sontenipoen ± djam 5,30 lèpèa Batang bona lahar, Sanadjan bona ingkang kantoen pijambak poenika agengipoen boten njami ingkang roemijin - roemijin, nanging

anggènipoen damel kapitoenan, oenda - oesoek kémawon kalijan bona ageng ingkang sampoen-sampoen. Djalaran bona ageng ingkang roemija djoerang Batang taksih lebet, sareng sapoenika sasat sampoen boten wonten, mila indaking sabin - sabin ingkang koeroegan sèla-sèla lan wedi. inggih pinten-pinten dasa baoc, déné ingkang angsal pandamelan katah sanget inggih doesoer Salam lan Mantingan.

Toemrapping N. I. S. benaning lèpèn Batang kala 27/4 '31 poenika, damel kapitoenan ingkang langkoeng ageng sanget, katimbang ingkang sampoen-sampoen, awit wekdal poenika kreteg trèm N. I. S. ingkang dèrèng djangkep 5 menoet kaatjaran ing ladoe sampoen katoet ilining bona, sapinten tebihipoen? Tijang boten saged nginten - inten, awit lampahipoen boten patos béda kalijan sarah sanès-sanèsipoen.

Kreteg mergi ageng ing Krakitan boten kageret ing latoe, nanging malah kaeoerog wedi lan sèla, ingkang kandelipoen ing sanginggiling kreteg ± 70 c. m., sanadjan panggelebipoen namoeng sakapjoekan. Margi sakiwa tengenipoen kreteg oegi kapandoeman radi katah, sadaja tetoempakan, motor, bis, grobag, andong, enz. kepeksa boten saged ngladjengaken lampah.

Sanadjan pérang - péranganing doesoer sawatawis wonten ingkang katradjang ladoe, malah grija - grija oegi wonten ingkang kampiran, lan ing wekdal poenika, atoesan tijang ingkang kapeksa ngoengsi dateng sarès grija. Nanging tijang - tijang boten patosa riboet sanget kados roemijin, awit sadjak sampoen radi koelina, kabekta saking kerepipoen ladoe, sanadjan boten damel risak ageng - agengan.

Katjilakan tjang boten wonten.
H. Tjitra.

INTERNAAT VOOR INLANDSCHE MEISJES
DER Z. Z. FRANCISCANESSEN
te MENDOET, MAGELANG.
Pamoelangan Fröbelkweekschool.
Taoen poenika njoedijani papan kanggé moerid 20. Dangoening pasinaon 4 taen. Wiwitipoen sekolah 7 Djoeli 1931.
Laré ingkang badé mlebet ing Fröbelkweekschool waoe, kedah gadah :
a. Katrangan saking Kepala pamoelangan, bilih laré waoe gadah dasar oetawi kasagedan kanggé aneroesaken pasinaon (Mulo - verklaring);
b. Katrangan saking dokter bilih badanipoen laré waoe, saras; kadjawi poenika oegi kedah ambekta tanda manawi sampoen katjatar (vaccinatie - bewijs).
Bajaran sakolah : f 5.—
Waragad pondokan : ingkang andap pijambak : f 10.—
H. I. S. lan Voorklas.
Wiwitipoen sekolah 1 Djoeli 1931. Namong saged njoedijani papan kanggé : **Voorklas, klas I, lan klas VII.**
Bajaran sakolah, kados ing sakolahan Goepmèn.
Waragad pondokan : ingkang andap pijambak : f 10.—
Ingkang badé nglebetaken poetraniipoen dateng sakolahan kalih pisan waoe, kedah nemboeng **sadèrèngipoen tanggal 1 Djoeni**, dipoenpratèlakaken : oemoer, papan kalairan, asmaning tijang sepoech oetawi wawakilipoen.
DE OVERSTE.

DRUKKERIJ „CANISIUS”

TEL. 701. —::— DJOKJAKARTA.

MENTAS AMBABAR BOEKOE:

Pangangen-angen, kanggé saben dinten djilid I,
isi 500 katja regi f 1,25 fr. i. p. f 1,45.

Brana kaswargan, isi 210 katja samakan saé
regi f 0,25 fr. i. p. f 0,31.

Serat Tritama, aksara Djawi isi 87 katja
regi f 0,30 fr. i. p. f 0,36.

Koerban Mis Soetji, isi 36 katja
regi f 0,10 fr. i. p. f 0,12.

Serat mangrasoel kriða sarana sembahjangan,
isi 48 katja regi f 0,15 fr. i. p. f 0,17.

Serat Wida Sari, (*ngewrat lelampahanipoen
para Soetji*) isi 177 katja
regi f 0,45 fr. i. p. f 0,55.
